

Aldrin ak Dyèldrin - ToxFAQs™

CAS # 309-00-2 ak 60-57-1

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan aldrin ak dyèldrin. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li enpòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze nan aldrin ak dyèldrin sitou lè yo manje sa ki kontamine, tankou danre ki donnen nan rasin, pwason, oswa fwidmè. Lè yon moun ekspoze nan aldrin ak dyèldrin, yo anpile nan kò moun nan apre anpil ane, epitou yo kapab afekte sistèm nève moun nan. Yo te jwenn aldrin nan omwen 207 sou 1,613 chantye nan Lis ki Gen Priyorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye. Yo te jwenn dyèldrin nan omwen 287 sou 1,613 chantye.

Kisa aldrin ak dyèldrin ye?

Aldrin ak dyèldrin se enspektid ki gen estrikti chimik ki sanble. Nou pale sou yo ansanm nan fèy enfòmasyon sa a paske aldrin dekonpoze vit pou tounen dyèldrin nan kò a ak nan anviwònman an. Aldrin ak dyèldrin pirifye se poud blan ki gen yon odè chimik modere. Poud yo vann ki mwen pirifye yo gen yon koulè mawon pal. Okenn nan sibstans yo pa egzije nòmalmman nan anviwònman an.

Depi ane 1950 yo jiska ane 1970, aldrin ak dyèldrin se te pestisid yo te itilize anpil pou danre tankou mayi ak koton. Akòz enkyetid pou domaj nan anviwònman an epi pètèt pou sante moun, EPA te entèdi tout itilizasyon aldrin ak dyèldrin nan ane 1974, so pou kontwòl tèmit. Nan ane 1987, EPA te entèdi tout itilizasyon yo.

Kisa k ap pase aldrin ak dyèldrin lè yo antre nan anviwònman an?

- Limyè solèy la ak bakteri chanje aldrin an dyèldrin yon fason pou nou kapab sitou jwenn dyèldrin nan anviwònman an.
- Yo tache solid nan tè epi yo evapore dousman nan lè a.
- Dyèldrin ki nan tè ak dlo dekonpoze dousman anpil.
- Plant yo pran epi konsève aldrin ak dyèldrin nan tè a.
- Aldrin chanje vit an dyèldrin ki nan plant ak bèt.
- Dyèldrin konsève nan grès epi li soti nan kò dousman anpil.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan aldrin oswa nan dyèldrin?

- Dyèldrin tout kote nan anviwònman an, men nan nivo ki ba anpil.

- Si ou manje pwason oswa fwidmè ki soti nan lak oswa nan kouran dlo ki kontamine avèk nenpòt nan sibstans chimik yo, oswa si ou manje danre ki donnen nan rasin, pwodui abaz lèt, oswa vyann ki kontamine.
- Lè, dlo sifas, oswa tè ki toupre kote ki gen dechè ka gen nivo ki wo anpil.
- Si w ap viv nan kay yo te konn trete avèk aldrin oswa dyèldrin pou kontwòl tèmit.

Kijan aldrin ak dyèldrin kapab afekte sante mwen?

Moun ki te absòbe gwo kantite aldrin oswa dyèldrin avèk entansyon yo oswa pa erè soufri kriz, epitou kèk ladan yo te mouri. Ka gen efè sou sante moun tou apre yo te ekspoze nan pi gwo kantite pandan yon peryòd tan ki pi long paske sibstans chimik sa yo anpile nan kò a.

Kèk travayè ki ekspoze nan nivo ki modere nan lè a pandan yon tan long te gen maltèt, vètij, yo te fasil pou fè kòlè, vomisman, ak mouvman miskilati san kontwòl. Travayè yo te retire nan sous kote yo te ekspoze a te refè vit nan pifò efè sa yo.

Bèt ki ekspoze nan gwo kantite aldrin oswa dyèldrin te gen efè sou sistèm nève yo tou. Sou bèt yo, lè bouch yo te ekspoze nan nivo ki pi ba pandan yon peryòd tan long sa te afekte fwa yo tou, epi sa te diminye mwayen pou yo batay kont enfeksyon. Nou pa konnen si aldrin oswa dyèldrin afekte mwayen pou moun batay kont maladi.

Etid yo fè sou bèt te bay rezilta kontradiktwa sou si aldrin ak dyèldrin afekte repwodiksyon sou mal bèt ak si sibstans chimik sa yo ka domaje espèm nan. Nou pa konnen si aldrin oswa dyèldrin afekte repwodiksyon sou moun.

Aldrin ak Dyèldrin

CAS # 309-00-2 ak 60-57-1

Kijan aldrin ak dyèldrin ka lakòz kansè?

Pa gen prèv final ki montre aldrin oswa dyèldrin lakòz kansè sou moun. Aldrin ak dyèldrin montre yo lakòz kansè fwa sou sourit. Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] te detèmine aldrin ak dyèldrin pa kapab klase kòm sibstans ki gen pwopriyete pou lakòz kansè sou moun. EPA te detèmine aldrin ak dyèldrin ka lakòz kansè sou moun.

Kijan aldrin ak dyèldrin kapab afekte timoun?

Timoun yo kapab ekspoze nan aldrin ak dyèldrin menm jan ak adilt yo. Pa gen chemen inik yo konnen timoun kapab ekspoze nan sibstans chimik sa yo. Timoun ki te vale kantite aldrin oswa dyèldrin ki pi gwo pase sa yo jwenn nan anviwònman an te soufri kriz, epi kèk ladan yo te mouri, jan sa te pase sou adilt yo. Men, nou pa konnen si timoun yo pi fasil pou gen efè aldrin oswa dyèldrin pase adilt yo.

Nou pa konnen si aldrin oswa dyèldrin lakòz malfòmasyon nan nesans sou moun. Bèt plenn ki absòbe aldrin oswa dyèldrin te gen tibebe yo ki te fèt avèk yon ti gwosè epi kèk lòt tibebe te fèt avèk modifikasyon nan eskèlèt yo. Yo te jwenn dyèldrin nan lèt tete moun, poutèt sa, li kapab transmèt ba tibebe ki nan tete.

Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan aldrin ak dyèldrin?

- Paske yo pa ni pwodui ni itilize aldrin ak dyèldrin ankò, moun ap ekspoze nan konpoze sa yo sèlman si moun te konnen itilize yo anvan.
- Paske yo te pase aldrin ak dyèldrin nan sousòl kèk kay pou pwoteksyon kont tèmit, anvan fanmi yo achte yon kay yo ta dwe chèche konnen ki pestisid, si genyen, yo ye itilize andedan kay la.

Èske gen yon tès medikal pou montre si mwen te ekspoze nan aldrin ak dyèldrin?

Gen tès yo fè nan laboratwa ki kapab mezire aldrin ak dyèldrin ki nan san ou, nan pipi ou, ak nan tisi kò ou. Paske aldrin chanje an dyèldrin ase vit nan kò a, ou dwe fè tès la yon ti tan apre ou ekspoze nan aldrin. Paske dyèldrin kapab rete nan kò a pandan anpil mwa, mezi dyèldrin kapab fèt pi lontan apre ou te ekspoze nan swa aldrin oswa dyèldrin. Tès yo pa kapab endike ou pral gen efè nuizib sou sante ou. Tès sa yo pa disponib nòmalman nan klinik doktè paske yo dwe fèt nan ekipman espesyal.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA limite kantite aldrin ak dyèldrin ki ka prezan nan dlo pou bwè a 0.001 ak 0.002 miligram pou chak lit (mg/L) dlo, youn-apre-lòt, pou pwoteksyon kont efè sou sante ki diferan avèk kansè. EPA detèmine yon konsantrasyon aldrin ak dyèldrin 0.0002 mg/L nan dlo pou bwè limite risk avi pou yon moun gen kansè lè moun nan ekspoze nan chak konpoze a 1 sou 10,000.

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon maksimòm mwayen 0.25 miligram aldrin ak dyèldrin pou chak mètr kib lè (0.25 mg/m³) nan espas travay pandan yon peryòd travay 8 èdtan, ak yon semèn travay 40 èdtan. Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay [National Institute for Occupational Safety and Health (NIOSH)] rekòmande tou yon limit 0.25 mg/m³ pou toulède konpoze yo pou apeprè yon jounen travay 10 èdtan, sou yon semèn travay 40 èdtan.

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)] kontwole rezidi aldrin ak dyèldrin ki nan manje kri. Entèval li akseptab la se ant 0 ak 0.1 ppm, selon kalite pwodui alimantè a.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2002. Toxicological Profile for Aldrin/Dieldrin. Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.